

Pawòl Ko-edite yo

Jacques Gabriel et France Bernard

Depi finisman 2012 la, ekip moun ki ap dirije GRAHN yo te mobilize manm komite enfrastrikti nasyonal yo pou yo prepare yon kòlòk ki dwe fèt an Ayiti nan mwa avril 2013 sou pwoblèm transpò nan rejyon vil Pòtoprens lan epi kòmansè reflechi sou preparasyon yon nimewo tematik revè literè, *Haïti Perspectives*, ki ap pale prensipalman sou sistèm transpò an Ayiti. Apre anpil demach kòlòk la te fèt nan dat 29 epi 30 avril 2013 nan lokal Fokal la an menm tan ak Fowòm *Haïti-Économie* 2013 la.

Anfen, tout jènman te disparèt. Sa ki te parèt enposib la rive fèt, anpil kòlèg, etidyan epi gwoup nan peyi a te rasanble epi sa te fasilite rankont ant plizyè espesyalis nan plizyè branch ki te gen resanblans ak nan domèn transpò pou yo diskite piblikman sou tout sa ki konsène transpò nan yon anbyans sènsèritè, kote, pou kòmansè, se kesyon ki te ap poze. Kesyon anpil moun ki ap sèvi ak sistèm transpò a te ap poze tèt yo san reflechi epi yo pa te di li pou tout moun konnen, paske yo te pè foure bouch yo nan yon domèn, anpil moun konsidere, san rezon, tankou yon domèn ki sou kont Leta sèlman.

Bivize kòlòk la se te pou diskite piblikman sou kesyon transpò a, yon fason pou yo te kòmansè fè moun pran konsyans sou ijans ki genyen pou yo abòde pwoblèm lan anvan nou tonbe nan yon tyouboum jeneralize ki kab anpeche moun deplase nan Pòtoprens. Se sèten, yonn nan objektif GRAHN se te anmenm tan fasilite yon dialòg ant espesyalis ayisyen ki ap viv nan peyi a ak sila yo ki ap viv nan dyaspora a, ankouraje yo travay ansanm, yon fason pou yo rive rezoud pwoblèm peyi a epi pou yo rezoud ansanm pwoblèm transpò a, paske ofon, se yomenm sèl ki kab rezoud li. Responsab komite a te pwopoze sa, epi moun ki te la yo te pran angajman pou yo patisipe nan preparasyon yon plan pou sistèm transpò a nan rejyon Pòtoprens lan epi menm plan sa a kab sèvi pou ankouraje lòt pwojè menm jan an toupatou nan peyi a.

Toujou avèk entansyon pou ankouraje pwojè sou sistèm transpò a, lide pou fè yon nimewo tematik sou sijè a te reparèt, men fwa sa a pa te gen anpil sòlda bòn volonte pou leve defi a. Se de atik sèlman nou te jwenn. Nou pral ban nou yon apèsi sou yo pi ba a.

Premye atik **Hugues Georges Rameau** a montre bezwen ki genyen pou yon balans ant sistèm transpòtasyon ak bezwen sikilasyon.

Karakteristik espas vil Pòtoprens lan, ki gen yon popilasyon anviwon 2 470 762 moun nan ane 2012 [1], se rapwochman ki genyen ante espas ki gen aktivite yo ak espas kote moun rete yo. Devlopman rapid Espas Vil Pòtoprens lan (AMP an franse) pandan dis ane ki sot pase yo rann li vrèman frajil. Anpil fwa, popilasyon an konn nan obligasyon pou li òganize tèt li pou kont li epi, an jeneral, yo mache apye pou yo regle pi fò nan tout sa yo bezwen pandan yon jounen. Fason moun yo pran lari a pou yo, ilegalman, an toujou deranje sikilasyon an nan pati wout ki genyen nan AMP a, sa konn lakoz sikilasyon an bloke nèt-ale. Move fonksyonman sistèm transpò a nan AMP genyen konsekans negatif sou tout aktivite ki genyen yo, sa ki lakòz tou, pi plis kòb depansè pou pwodwi yo ak pou jere yo epitou pri machandiz monte rapidman lè moun ap achte. Vin genyen, tout bon, yon nesèsite, ki pa kab tann, pou gen aksyon ki fèt pou amilyore sistèm transpò a, yon fason pou trafik moun epi machin rive fèt pi byen nan AMP a. Nan atik sa a nou ap prezante kèk chwa tout moun kab konsidere pou mete lòd nan transpò ak nan sikilasyon moun epi machandiz nan AMP a.

Dezyèm kontribisyon an se **France Bernard** ki fè li. Se yon gwo rèle pou yon konsyantizasyon jeneral sou pwoblèm sa a.

Atik sa a se prensipalman yon mesaj rasanbleman pou motive tout moun san distenksyon.

Apati kòlòk ki te fèt sou sijè a pandan Fowòm *Haïti - Économie* 2013 la, ki te fèt nan mwa avril-me 2013 la, otè a revize gwo lide ki parèt nan etid sou transpò, kidonk, teyori sou sa tout moun bezwen avèk divès kesyon fondamantal ki mache ak li epi teyori sou sa yo kab ofri moun yo avèk divès kesyon ki mache ak li. Li pwopoze yon etid serye epi an pwofondi, kote li defini metodoloji a epi paramèt esansyèl yo; li defini òganizasyon etid sa a depi nan echeyans li jouk rive nan prezantasyon final la. Li fè konklizyon an, tankou sa te fèt nan kòlòk la, ak rekòmasyon pou prepare yon plan global pou sistèm transpò yo nan rejyon vil Pòtoprens lan epi li pwopoze kolaborasyon espesyalis GRAHN yo pou reyalize sa alavni. ■

France Bernard, ing., M.A., M. Sc. A. a fait ses études classiques à l'Institution Saint-Louis-de-Gonzague. Il fréquente ensuite l'École normale supérieure de l'Université d'État d'Haïti et devient professeur de sciences et de mathématiques à St-Louis, au Sacré-Cœur et au Collège Max Pénette. En parallèle, il obtient un diplôme en génie civil à l'ISTH. À l'Université McGill de Montréal, il suit une formation en informatique et en génie géotechnique. Il entreprend ensuite à l'École Polytechnique de Montréal des études complémentaires en géotechnique et une maîtrise en génie civil dans le secteur des transports. Il obtient en 1991 une maîtrise en administration et gestion urbaines de l'ENAP-INRS.

Il est membre actif de l'AQTr, de l'AIMQ, de l'ATC, du TRB et réviseur de publications scientifiques pour ces prestigieuses associations, auteur de plus de 50 articles en gestion des infrastructures et en génie routier, enseignant de l'unique cours de gestion de l'entretien des ouvrages d'infrastructures au Québec et directeur de 35 mémoires de maîtrise dans le domaine. Détenteur de la grande expertise décernée par la Ville de Montréal en 2008, il prépare et met en œuvre le plan directeur pour la gestion des chaussées de Montréal, ville qu'il représente depuis 2011 dans le Programme de coopération municipale de l'ACDI en Haïti. france.bernard1@videotron.ca

Hugues Georges Rameau, Jr., M. Sc., PhD. a effectué ses études secondaires au Collège Canado-Haïtien. Il a ensuite poursuivi sa formation en Haïti à l'Université G.O.C. qui lui a conféré le grade d'Ingénieur Civil (Juillet 2000). Par la suite, il a obtenu avec grande distinction le Diplôme d'Études Spécialisées interuniversitaires en Gestion des Transports organisées en Belgique par la Faculté Polytechnique de Mons, l'Université Catholique de Louvain, l'Université de Liège et l'Université Libre de Bruxelles (Août 2003). Il a suivi ensuite une formation doctorale réalisée en cotutelle à l'Université Libre de Bruxelles et à l'Université d'État d'Haïti qui lui ont conjointement conféré le grade académique de Docteur en Sciences de l'Ingénieur (Déc. 2010). En parallèle, Il a offert son expertise à plusieurs établissements en Haïti en tant que Ingénieur Routier. Il a été notamment Chargé de Cours, puis Assistant Professeur de Transports et de Routes à la Faculté des Sciences Appliquées de l'Université G.O.C. (Octobre 2004 à Janvier 2013). Il est membre adhérent de la Société Géologique de France de janvier 2013 à nos jours. rameau01@yahoo.fr

**Auberge des Scholars
61, rue Pacot prolongée, Port-au-Prince, Haïti**

Accommodation for visiting consultants

AFPEC can accommodate your visiting consultants in studios located in Pacot area (Port-au-Prince), after the Head Quarter (HQ) of the Haitian National Police.

- Green environment
- Private security (24/24)
- Internet wireless access
- A.C.
- Breakfast (Dinner optional)
- Laundry and room service

For additional information:

Call: **(509) 2227-6837 / 3617-8941**

Email: afpechaiti@yahoo.com

Hébergement pour consultants en visite

L'AFPEC peut héberger vos consultants en visite à Port-au-Prince dans des studios situés à Pacot (Port-au-Prince), après la Direction Générale (DG) de la Police Nationale d'Haïti :

- Environnement vert
- Sécurité privée (24/24)
- Accès internet sans fil
- A.C.
- Petit déjeuner (dîner facultatif)
- Buanderie et service de chambre

Pour plus d'informations:

Appelez: **(509) 2227-6837 / 3617-8941**

Email: afpechaiti@yahoo.com

